

## **Gid Diskisyon sou Planifikasyon Swen yo Alavans**

Advance Care Planning Discussion Guide

**Planifye pou chwa medikal alavni yo enpòtan pou tout moun, soti nan granmoun ki an sante rive sou moun ki malad grav. Swiv senk etap sa yo pou ka koumanse.**

### **Etap 1.** Pale de sa.

Menm nan fanmi ki pwòch anpil, li ka difisil pou koumanse konvèsasyon an. Men kèk lide.

**Nouvèl** - Èske w poko janm gade nouvèl sou moun ki te blese grav epi ki nan respiratè atifisyèl? Ki reyaksyon ou te genyen? Kisa moun ki pi pwòch ou yo panse?

**Eksperyans** – èske gen yon moun ki pwòch ou ki te tonbe malad anpil kote lòt yo te oblije pran desizyon sou tretman medikal yo? Kisa sa te fè w panse sou sa ou ta vle pou ou menm ak fanmi ou?

Opinyon mwen yo sou nouvèl yo oswa eksperyans pèsònèl: \_\_\_\_\_

### **Etap 2.** Chwazi yon moun pou pale pou ou.

Si ou pa ka pale pou tèt ou, doktè yo bezwen konte sou yon moun ke ou fè konfyans pou ka pale pou ou. Moun sa pral otorize tretman medikal ou yo si ou pa kapab fè sa, epi li responsab pou pran desizyon nan jan ke ou t ap fè sa pou tèt ou. Lè ou site non moun sa nan Direktiv Alavans la, li gen otorite legal epi yo rele li Ajan Swen sante.

Ou ta dwe chwazi yon dezyèm moun tou nan ka premye moun nan pa ta disponib. Si ou bezwen pou plis moun enplike nan pran gwo desizyon yo, ou kapab oryante Ajan Swen sante w la pou li travay avèk lòt yo men ajan an ap rete pòt pawòl la epi li ap responsab pou li fè respekte pwòp chwa ou yo.

Si ou pa nonmen pwòp Ajan Swen sante ou nan yon Direktiv Alavans, lwa Virginia rekòmande doktè yo pou travay ak fanmi pwòch ou yo. Si moun nan ke ou fè konfyans plis la se pa fanmi pwòch ou, li enpòtan anpil pou nonmen moun sa nan Direktiv Alavans la.

Lè ou chwazi yon Ajan Swen sante, li dwe kapab:

- Konprann chwa yo ke ou t ap fè pou tèt ou.
- Respekte chwa ou yo menm si li pa dakò.
- Rete disponib pou pale ak doktè yo ak lòt moun yo nan ekip swen sante a sou swen medikal ou.

Nonmen yon Ajan Swen sante nan dokiman Direktiv Alavans la enpòtan pou chak granmoun, menm si granmoun nan an sante. Malerezman, aksidan oswa maladi sanzatann ka rive nenpòt moun, kidonk li pa janm twò bonè pou gen jan de konvèsasyon sa yo.

Moun ki ta kapab Ajan Swen sante mwen: \_\_\_\_\_

Yon fwa ou deside nan kiyès ou fè konfyans kòm Ajan Swen sante ou, planifye yon ti tan pou pale ak yo sou sijè ki nan gid sa. Ou kapab ba yo tou paj pou koupe anba a nan fen manyèl sa kòm gid sou kijan pou yo se yon Ajan Swen sante.

### **Etap 3.** Deside ki tretman medikal ou t ap vle si ou ta malad oswa blese epi pa ta gen esperans ke w ap retabli.

Si ou an sante, Direktiv Alavans la, yo ka pral sèlman bezwen li si ou gen yon maladi ke ou pa te espere (tankou konjesyon serebral) oswa blesi (tankou lezyon serebral). Nan ka sa yo, doktè yo fè tout sa ki posib pou sove lavi ou epi trete ou nan lopital la nan lespwa ke w ap retabli totalman. Si retablisman an pa parèt posib apre yo fin ba w premye tretman yo epi ou toujou pa kapab reyaji ak moun, Ajan Swen sante ou a pral bezwen konnen kijan ou t ap swete pou yo fè.

Refleksyon mwen yo konsènan opsyon pou kenbe an vi a si mwen pa kapab entèraji avèk pèsòn epi si gen yon ti kal chans oswa si pa gen chans pou mwen retabli: \_\_\_\_\_

Pou moun ki gen maladi grav yo, doktè ou a kapab yon gid konsènan jan de konplikasyon ki ka fè sifas epi ki tretman medikal yo kapab ofri. Avèk konsèy doktè ou a, ou gendwa kapab bay kèk enstriksyon espesyal a Ajan Swen sante ou a sou sa ou swete yo. Men kèk bon kesyon ou ka koumanse ak yo:

- Kijan maladi sa ka vin grav?
- Ki sentòm mwen ka atann genyen si bagay yo vin pi grav?
- Kijan yo kapab kontwòl sentòm sa yo?
- Ki kalite èd ke mwen ka bezwen alavni?

Lòt kesyon pou doktè mwen an: \_\_\_\_\_

Nan fen yon maladi ki nan faz tèminal, gen kèk moun ki vle pou swen yo a konsantre sou konfò epi fè fas ak rès vi a natirèlman. Gen lòt ki vle kontinye ak tretman ki pèmèt rete an vi pou ka kontinye viv otan sa posib.

Opinyon mwen sou kenbe mwen an vi nan fen maladi ki nan faz tèminal: \_\_\_\_\_

Lòt enkyetid mwen genyen sou tretman medikal yo: \_\_\_\_\_

#### **Etap 4. Ekri li.**

Ou kapab itilize Direktiv Alavans la pou pale moun yo sou tretman ou **vle** epitou ak nenpòt sa ou **pa vle**. Yon Direktiv Alavans kapab gen ladann swè ou yo sou swen sante nan nenpòt lè a, sa gen ladann nan fen lavi w tou akòz maladi oswa blesi. Ou kapab chanje Direktiv Alavans ou a nenpòt kilè, depi ou kapab pran pwòp desizyon w epi konprann yo.

Gen anpil fòm Direktiv Alavans ki disponib. Yo tout akseptab, depi yo gen non ou, siyati ou ak dat epi siyati de temwen. Gen kèk fòm ki gen chwa espesifik yo ladan sou kijan ou vle yo trete w si ou ta gen yon lezyon serebral ki pèmanan e ki grav epi si maladi ou a ta nan faz tèminal. Sa gen ladann tou yon pati sou swen sante jeneral, dekwa pou ou presize sa ou swete pou tretman ou nenpòt lè ou pa ka kominike, kèlkeswa sa dyagnostik yo bay. Li itil pou moun ki gen maladi grav ki poko nan dènye faz yo.

Gen konsiderasyon espesyal pou moun ki ap fè fas ak pwoblèm sante mantal. Si ou ap resevwa swen pou maladi mantal, ou ta dwe gen konpleman (addendum) pou sante mantal la. Li disponib sou [riversideonline.com](http://riversideonline.com), oswa ou kapab rele 757-856-7030 pou jwenn konsèy.

Bagay mwen vle Direktiv Alavans mwen an di sou tretman medikal ke mwen vle oswa pa vle: \_\_\_\_\_

Si ou pa vle reanimasyon kadyo-pilmonè (Cardiopulmonary Resuscitation, CPR) kounya, yo p ap ka respekte swè sa amwenske li nan fòm òdonans yon doktè. Asire w ou pale ak doktè ou a si sa enpòtan pou ou.

#### **Etap 5. Pataje li.**

Bay yon kopi Direktiv Alavans la bay Ajan Swen sante ou a, manm fanmi ki pwòch ou yo ak nenpòt lòt moun ki bezwen konprann swè ou yo. Kenbe orijinal la pou ou menm. Asire w ou bay yon kopi a doktè w la pou yo ka mete li nan dosye medikal ou.

Nenpòt lè ou entène lopital, yon moun ap bezwen pote vèsyon Direktiv Alavans ou an ki pi resan an menm si ou te pote li lopital la deja. Se pi bon fason pou asire ke swè ou yo rekonèt epi respekte nenpòt kote ou ap resevwa swen medikal la.

Si ou pote chanjman ladann, asire w ou ranplase tout kopi yo tou. Sonje pou revize li souvan epi pale de li ak doktè w la omwen yon fwa chak ane ak lè gen chanjman nan jan sante ou ye.

Moun ki dwe gen yon kopi Direktiv Alavans mwen an: \_\_\_\_\_

#### ***Konsèy pou Ajan Swen sante yo***

Kòm yon Ajan Swen sante, ou pral bezwen:

- Konprann chwa moun sa t ap fè pou tèt li si sa ta rive li vin blese oswa vin twò malad pou ta rive pran pwòp desizyon li.
- Respekte chwa li menm si ou pa dakò.
- Rete disponib pou pale ak doktè yo ak lòt moun ki nan ekip swen sante a.

Relasyon espesyal, ki baze sou konfyans sa gen pou wè sèlman ak chwa nan swen sante yo. Ou p ap responsab pou depans medikal yo paske non ou nan yon Direktiv Alavans.

Otorite ou genyen kòm yon Ajan Swen sante jeneralman dekri nan Direktiv Alavans la. Revize sa ansanm epi poze kesyon si ou pa konprann.

Nou ta dwe ale kay doktè a ansanm, espesyalman si gen yon kondisyon sante ki ta ka lakòz pou kèk desizyon ta pran. Sa pral ede w konnen kisa pou atann ak respekte chwa yo ke moun sa t ap fè pou tèt li

#### **Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri kontakte:**

Riverside Care Navigation      757-856-7030      [www.riversideonline.com/advancedirective](http://www.riversideonline.com/advancedirective)

As You Wish Advance Care Planning      757-325-9400      [www.Asyouwishvirginia.org](http://www.Asyouwishvirginia.org)

This is an exact translation of this form in English. Certified by Cypracom, 08/14/2017